



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TÈS AVANSE GRATIS POU MOUN KI GEN SENTÒM
KI TE VWAYAJE NAN PEYI YO KI AFEKTE PA VIRIS ZIKA**

Depatman Sante etabli liy enfòmasyon viris Zika: 1-888-364-4723

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Sante Eta New York ap ofri tès laboratwa avanse pou moun ki gen sentòm ki te vwayaje nan zòn yo kote enfeksyon viris Zika ankou. Wadsworth Center a pral fèt tès la– youn nan sèlman twa laboratwa eta nan peyi a ki gen kapasite pou fè kalite tès avanse sa– e li pral genyen tou tès depistaj ak konfimasyon pou antikò kont Zika ansanm avèk lòt viris yo ki gen rapò. Anplis, eta te lanse yon nouvo liy enfòmasyon (1-888-364-4723) pou Nouyòkè yo rele epi jwenn plis enfòmasyon sou viris la.

“Pwoteje sante eta sa ansanm avèk rezidan li yo se pi gwo priyorite administrasyon sa,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Nap travay etwatman avèk CDC ansanm avèk depatman sante lokal yo pou adrese posib ka viris Zika, e lè nou ofri tès gratis nap ede pou rete alavangad maladi sa epi pwoteje sante piblik la. Mwen ankouraje Nouyòkè yo ki te vwayaje pa twò lontan de sa nan peyi yo ki afekte pou rete enfòmè epi konsilte pwofesyonèl swen sante si yo delvope sentòm.”

Gouvènè Cuomo te deklare, “Yon fwa ankò, Sant Wadsworth New York alavangad syans ak laboratwa dènye kri e, kòm yon rezilta, Nouyòkè yo pi ansekirite kont viris Zika ansanm avèk lòt maladi enfektye yo. Mwen te mande tou DOH pou l travay etwatman avèk depatman sante lokal yo ansanm avèk founisè swen sante yo pou asire ke tout moun jwenn dènye enfòmasyon ajou sou viris Zika.”

Tès la fèt an kolaborasyon avèk Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi sa ki bay kèk nan reyaktif pou fè tès Zika. Anplis, epidemyolojis Wadsworth ak DOH ap travay etwatman avèk CDC pou evalye lòt gwoup risk ki ka bezwen tès tou. Gid tès la prevwa pou evolye lè plis enfòmasyon ap vin disponib sou viris la. DOH ap bay konsèy sou sante egalman a depatman sante lokal yo kòm nouvo enfòmasyon ak direktiv ap vin disponib sou viris Zika.

Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou Zika [la](#). DOH te etabli tou yon liy enfòmasyon sou viris Zika ki gen anplwaye pandan lasemèn de 9am jiska 6pm. Nimewo a se: 1-888-364-4723.

Sentòm enfeksyon viris Zika jeneralman modere, e anpil moun ka pa menm reyalize ke yo te enfekte e yo geri san lòt pwoblèm. Toutfwa, te gen rapò sou ka domaj nan nesans kap ogmante ke yo konnen tankou mikwosefali ki kapab gen rapò avèk

enfeksyon viris Zika pami fanm ansent yo. Moun ki gen sentòm ak yon istwa resan vwayaj nan [peyi ki afekte yo](#) ta dwe kontakte founisè swen sante yo pou fè aranjman pou tès. Sentòm ki pi komen nan viris Zika se lafyèv, gratèl, doulè jwenti, oswa konjonktivit (zye wouj). Sentòm yo jeneralman kòmanse de a sèt jou apre ke yon moustik enfekte fin mòde yon moun.

“Klèman nou gen plis preyokipasyon pou fè tès sou fi ki ansent yo, sa ki pral ba yo ansanm avèk doktè yo enfòmasyon yo bezwen pou pran bon desizyon swen sante a,” **te deklare Komisè DOH Dr. Howard Zucker**. “Tès la ap bay syantis yo tou yon pi bon konpreyansyon sou viris Zika, kote yo pa gen anpil enfòmasyon ki egziste.”

Dr. Zucker te bay yon seminè sou entènèt jodia sou viris Zika a plis pase 1,200 patisipan nan Eta New York e li te pataje tou aktivite ke DOH ap antreprann pou pwoteje Nouyòkè yo. Ou ka wè prezantasyon an [la](#).

Te gen nèf ka pozitif enfeksyon viris Zika pami rezidan Eta New York yo. Tout lòt pasyan ki enfekte yo ansanm avèk vwayajè kap retounen soti nan peyi kote viris Zika ankou. Viris Zika pa ka transmèt pa senp kontak moun-a-moun, toutfwaw, li posib ke ka genyen anpil ka ki gen rapò avèk anpil moun ki vwayaje avèk enfeksyon viris Zika kap viv nan epi chèche swen nan New York. CDC te fè soti yon alèt vwayaj (Nivo 2-Pratik Prekosyon Amelyore) pou moun yo kap vwayaje nan rejyon yo ak sèten peyi kote transmisyon viris Zika ankou.

Fi ki ansent nan nenpòt trimès ta dwe konsidere ranvwaye vwayaj nan zòn yo kote transmisyon viris Zika ap pwopaje. Fi ansent yo ki te vwayaje nan youn nan zòn sa yo ta dwe pale avèk doktè yo oswa lòt founisè swen sante anvan epi strikteman swiv etap pou evite kout dan moustik pandan vwayaj la, sa ki gen ladan:

- Abiye avèk chemiz ak pantalon long
- Rete andedan lè moustik yo pi aktif
- Itilize pwodui repilsif ki anrejistre avèk Ajans Pwoteksyon Anviwonman Etazini
- Pa itilize repilsif la twòp – aplike sèlman jan sa nesesè pou bay pwoteksyon
- Li epi swiv direksyon ki sou etikèt la anvan ou itilize nenpòt kalite repilsif

Ale nan klinik doktè w si ou ansent epi si wap devlope yon lafyèv, gratèl, oswa doulè jwenti, oswa zye wouj nan lespas de semèn apre ou te fin vwayaje nan yon peyi kote yo te anrejistre ka viris Zika. Asire ke ou di doktè w kilè ou te vwayaje.

Akoz zòn spesifyik kote transmisyon viris Zika ap pwopaje difisil pou detèmine ak posibilite pou chanje pandan letan, CDC ap bay dènye enfòmasyon sou avi vwayaj lè enfòmasyon yo vin disponib. Vwayajè yo ta dwe tcheke sitwèb vwayaj CDC pou yo jwenn rekòmandasyon ki pi ajou.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418